ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

Қарақалпақ мәмлекетлик университети

*Қол жазба ҳуқықында*

*УДК: 494.3.*

Қурбанов Мухтарбай Даулетбаевич

# ҚАРАҚАЛПАҚ ТИЛИНДЕГИ ГЕОГРАФИЯЛЫҚ ТЕРМИНЛЕРДИҢ ЛЕКСИКА-ГРАММАТИКАЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

10.02.02 – Түркий тиллер (қарақалпақ тили)

Филология илимлериниң кандидаты
илимий дәрежесин алыў ушын усынылған
д и с с е р т а ц и я

Илимий басшы: филология илимлериниң
кандидаты, доцент О.Сайымбетов

НӨКИС – 2011

# МАЗМУНЫ

Кирисиў ……………………………………………………………………..3

1-бап. Қарақалпақ тилиндеги географиялық терминлердиң лексика-семантикалық өзгешеликлери..……………………………………..............12

1.1. Оронимикалық терминлер.……….……………………………………13

1.2. Ойконимикалық терминлер .....…..…………………………………..…23

1.3. Агроонимикалық терминлер ..…………………………………...….32

1.4. Гидронимикалық терминлер…..………………………………………40

2-бап. Қарақалпақ тилиндеги географиялық терминлердиң грамматикалық қурылысы……..……………………………………………………...........63

2.1. Дара географиялық терминлер……………………………………....63

2.2. Қоспа географиялық терминлер……………………………………65

3-бап. Қарақалпақ тилиндеги географиялық терминлердиң топоним жасаў хызмети………………………………………………………….............81

3.1. Топоним менен географиялық термин арасындағы байланыслар..84

3.2. Географиялық терминлердиң топоним жасаў усыллары…………87

3.3. Географиялық терминлердиң топонимлерди жасаў хызмети.........97

Жуўмақ ……………………………………………….……………………118

Пайдаланылған әдебиятлар…………………………………………..…122

Қосымша

# Кирисиў

Ҳәзирге шекем қарақалпақ тил билиминиң түрли тараўлары бойынша үлкен жетискенликлер қолға киргизилип, бир қанша көлемли илимий мийнетлер, монографиялар, мақалалар баспадан шықты. Бул жумыслар еле де даўам етпекте. Әлбетте, буның барлығы тилимиздиң миллий өзгешеликлерин көрсетиў, туўысқан ҳәм басқа да тиллер арасындағы орнын белгилеўге қаратылғаны сөзсиз. Өйткени, халқымыздың миллий қәдириятларының бири, бул – ана тили. Президентимиз И.А.Каримов тилимиздиң қәдир-қымбаты, инсан өмириндеги тутқан орны ҳаққында: "Өзликти аңлаў, миллий сана ҳәм ой-пикирдиң көриниси, әўладлар ортасындағы руўхый-мәнаўий байланыс тил арқалы көринетуғыны мәлим. Барлық ийгиликли пазыйлетлер инсан қәлбине, ең дәслеп ана ҳәййиўи, ана тилиниң тәкирарланбас гөззаллығы менен сиңеди. Ана тили – бул миллеттиң руўхы",[1] – деген еди. Солай екен, тилдиң турмысымызда тутқан орны, оны шын мәнисинде миллий қәдирият сыпатында таныў, келешек әўладқа жеткериў жолында бир қанша нәтийжели жумыслар әмелге асырылмақта. Әсиресе, тилимизди илимий бағдарда изертлеўге баслы дыққат қаратылған. Сонлықтан, ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң фонетикасы, лексикологиясы, морфологиясы ҳәм синтаксиси, терминологиясы ҳәм стилистикасы ҳәм басқа да бир қатар тараўларында нәтийжели жумыслар әмелге асырылды.

Қарақалпақ тил билиминде еле де изертлениўи керек болған мәселелердиң бар екенин көриўимизге болады. Солардың бири тилдиң лексикалық қурамының үлкен бир бөлегин қурайтуғын ҳәм жергиликли топонимлердиң қурамында көп қолланылатуғын географиялық терминлер.

Географиялық терминлер қарақалпақ тилиниң сөзлик қурамында үлкен бир топарды қурайды. Олар тилимиздиң пүткил раўажланыў тарийхында

[1] Karimov I.A. Joqarı ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh. – Tashkent: Manaviyat, 2008. – B. 82-83.

қәлиплести. Бул ҳаққында Е.Бердимуратов: "Бул топарға киретуғын географиялық терминлердиң қурамы әдебий тилдиң лексикасында әдеўир дәрежеде. Олар да әдебий тил лексикасының тарийхый раўажланыўының барысында арнаўлы атамалар ретинде кем-кем қәлиплесип, үлкен бир функциональлық-стильлик қатламды пайда еткенлиги көринеди"[1] - деп тилимиздеги географиялық терминлердиң қарақалпақ терминологиясындағы орнын көрсетип берди.

Бизди қоршаған орталықта ҳәр түрли предметлер бар. Солардың бири – бул географиялық объектлер. Тилимиздиң лексикасында ҳәм географиялық әдебиятларда географиялық терминлер тәбияттағы ҳәр қыйлы географиялық объектлерди атап көрсетеди, олар ҳаққында мағлыўматлар береди. Ал географиялық объектлерди бирин екиншисинен ажыратып көрсетиў ушын атамалар бериледи. Бундай атамалардың (топонимлердиң) пайда болыўында болса географиялық терминлер көп қолланылады.

*Географиялық термин* атамасы ҳәзирге шекем бир қатар илимий әдебиятларда ҳәр қыйлы аталып киятыр. Мәселен, *географиялық термин, географиялық сөз, географиялық номенклатура, индикатор, апеллятив сөз, топонимикалық термин* ҳәм т.б. Бул ҳаққында илимпазлардың пикирлерине тоқтап өтетуғын болсақ, Б.А.Серебренников[2] топонимлер менен дизбеклесип келетуғын сөзлерди *индикаторлар*, Г.Қ.Қоңқашбаев[3] *халық географиялық терминлери*, А.А.Камалов[4] *географиялық терминлер,* деп атайды. А.В.Суперанская[5] географиялық шараятты, орталықты билдиретуғын сөзлер топарын *географиялық сөзлер* деп көрсеткен.

[1] Berdimuratov E. Qaraqalpaq tili terminleri. – No’kis: Bilim, 1999. – B. 80.
[2] Серебренников Б.А. О методах изучения топонимических названий. // Вопросы языкознания. – 1959. – №6. – С. 37.
[3] Конкашпаев Г.К. Казахские народные географические термины. // Известия АН КазССР. Серия география, вып. 3. – Алма-Ата: 1951. – №99.
[4] Камалов А.А. Некоторые аспекты изучения башкирских народных географических терминов. // Вопросы топонимики Башкирии. Уфа: 1981. – С. 10.
[5] Суперанская А.В. Что такое топонимика? – М.: Наука, 1985. – С. 98-100.

С.Қараев[1] болса, топонимлердиң қурамында келип, оның түрин билдиретуғын сөзге *индикатор* деп қолланған. Мысалы, *тау̌* (*Қаратау̌*), *шөл* (*Мырзашөл*), *дәрья* (*Сырдәрья*), *қудық* (*Узынқудық*). З.Дүсимов[2] та топонимлер менен бирге келип, объекттиң сыпатлы өзгешелигин, санын көрсетиу̌ши сөзди *индикатор* деп атаған. Ал, соңғы изертлеу̌лерде, мәселен, өзбек топонимисти Т.Эназаров[3] *топонимикалық индикатор, топонимикалық номенклатура, топонимикалық термин, геграфиялық термин, географиялық номенклатура* деген терминлердиң орнына *топонимикалық анықлау̌ыш* терминин қолланған. Топонимлер қурамында географиялық объектти билдиретуғын сөзлерди М.Миракмалов[4] *топонимикалық терминлер,* Ў.Ражабов[5] *топонимикалық индикаторлар* деп атайды. Қ.Абдимуратов[6] *көл, дәрья, суу̌, тау̌, төбе, өзек, сай, ой, қыр, жар* сыяқлы терминлер қарақалпақ тилиндеги қоспа топонимлердиң жасалыу̌ында тийкарғы база болып табылады деп есаплайды ҳәм автор бул топардағы сөзлерди бирде *ғалабалық атлар,* бирде *индикатор* деп қолланған. Г.Мамбетова[7] Қарақалпақстан гидронимлериниң қурамындағы *дәрья, көл, батпақлық, канал, булақ, жап, салма, коллектор* сыяқлы терминлерди *апеллятивлер* дейди.

Жоқарыда көрсетилген авторлар тәрепинен қолланылған терминлердиң барлығы да географиялық объекттиң түрин билдиретуғын сөзлерге байланыслы қолланылған. Солай етип, топонимлердиң қурамында келип, тәбияттағы ҳәр қыйлы географиялық объектлер ҳаққында түсиник

---

[1] Қораев С. Ўзбекистон вилоятлари топонимлари. – Тошкент: Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 2005. – Б. 213.

[2] Дусимов З., Эгамов Х. Жер атамаларының қысқаша түсиндирме сөзлиги. - Нөкис: Билим, 1991. – Б. 168.

[3] Эназаров Т. Туркий содда топонимларнинг этимологик тадқиқи. 2-китоб. – Тошкент: Университет, 2002. – Б. 12.

[4] Миракмалов М. Табиий географик терминларнинг шаклланишида халқ атамаларининг ўрни: Геогр. фан номзоди… дисс. – Тошкент: 1998. – 74-76 б.

[5] Ражабов Ў. Топонимик индикаторларнинг функционал-семантик хусусиятлари.: Филол. фан. номзод. … автореф. – Тошкент: 2009. – 22 б.

[6] Абдимуратов Қ. Қарақалпақ тилиниң топонимлеринен очерклер.: Филол. илим. канд. … дисс. – Нөкис: 1966. – 14-15 б.

[7] Мамбетова Г. Қарақалпақ гидронимлериниң қурылыс өзгешеликлери. // Әмиу̌дәрья. - Нөкис, 2005. – №3. – Б. 116.

беретуғын сөзлер топарын *географиялық термин* деп атаў орынлы. Өйткени, географиялық термин ең дәслеп географиялық реалияны билдиреди.[1] Соның менен бирге, географиялық терминлер топонимлердиң жасалыўында да өнимли хызмет атқарады. Ал, *жергиликли географиялық термин* дегенде халық тилинде әсирлер бойы қәлиплескен, тилдиң өз ишки мүмкиншиликлери тийкарында пайда болған ҳәм жергиликли топонимлер қурамында ушырасатуғын терминлер түсиниледи.

Ҳәр бир тилде қолланылатуғын географиялық терминлер үлкениң тәбийғый шәраятын, сол жердиң өзине тән өзгешелигин сәўлелендиреди, сондай-ақ, топонимлердиң мәнисин түсиниўде де өз жәрдемин тийгизеди. Сол ушын да, географиялық терминлердиң лингвистикалық, географиялық ҳәм топонимикалық өзгешеликлери бир қанша илимпазлардың мийнетлеринде қарастырылған.

Ҳәзирги айырым түркий тиллерде географиялық терминлер ҳәр тәреплеме изертленген. Олардың этимологиясы, мәниси, тарийхый шығысы, қолланылыў өриси ҳәм т.б. өзгешеликлери бойынша диссертациялар, илимий мақалалар ҳәм басқа да ири көлемли монографиялар баспадан шықты.

Тюркологияда жергиликли географиялық терминлер ең дәслеп Г.Қ.Қоңқашбаев тәрепинен арнаўлы түрде изертленди ҳәм "Қазақ халық географиялық терминлери" (1948) деген темада диссертация жақлады. Соң усы атама менен сөзлик түриндеги мийнетин баспадан шығарды.[2] Автордың бул мийнетлеринде қазақ ҳәм улыўма түркий топонимлери қурамында ушырасатуғын көплеген географиялық терминлердиң сыпатламасы берилген. Р.М.Юзбашевтиң азербайжан тилиниң географиялық терминлерин изертлеўге арналған диссертациясында усы тилдиң

---

[1] Подольская Н.В. Словарь русской ономастической терминологии. – М.: Наука, 1988. – С. 47; Қораев С. Ўзбекистон вилоятлари топонимлари. – Б. 212.

[2] Конкашпаев Г.К. Казахские народные географические термины. // Известия АН КазССР. Серия география, вып. 3, Алма-Ата. 1951. – №99.

географиялық терминологиясы менен бир қатарда метеорологиялық ҳәм гидрологиялық терминлер де орын алған.[1]

Қазақ тилиндеги топонимлер менен географиялық терминлерди лингвистикалық жақтан үйрениў, оларды жыйнаў ҳәм топонимикалық сөзликлерди дүзиўде де үлкен жумыслар исленди. Мәселен, Қазақстан топонимлериниң қурамында ушырасатуғын географиялық терминлердиң этимологиясы А.Әбдирахманов, Т.Жанузақов, Е.Қойшыбаев ҳәм Қ.Рысбергеновалардың мийнетлеринде изертленген[2]. Ал, түркмен тилиндеги географиялық терминлерди жыйнаў ҳәм оларға түсиниклер бериўде М.Гельдихановтың хызмети көп.[3] Қырғызстан топонимикасы ҳәм географиялық терминологиясының жетискенликлери С.Умурзақов, Қ.Конкобаев ҳәм Д.И.Исаевлардың[4] атлары менен байланыслы болса, өзбек тилиниң географиялық терминологиясының раўажланыўына Ҳ.Ҳасанов салмақлы үлес қосты. Автордың мийнетлеринде[5] өзбек тилиндеги географиялық терминлердиң дереклери, раўажланыў басқышлары, үлгилери, русша-өзбекше ҳәм өзбекше-русша түсиндирмелери берилген.

Топонимлер менен географиялық терминлердиң этимологиясы, географиялық терминлердиң топонимлерди жасаўдағы роли ҳәм т.б. мәселелер С.Қараев, П.Н.Ғуламов ҳәм Р.Раҳимбековлардың авторлығында шыққан мийнетте[6] сөз етилген. Бул мийнетте өзбек тилине мәмлекетлик тил

---

[1] Юзбашев Р.М. Опыт исследования азербайджанских географических терминов.: Автореф. дисс. … канд. геогр. наук. – Баку: 1962.

[2] Әбдірахманов А. Топонимика және этимология. – Алматы: Ғылым, 1975. 204 б.; Джанузаков Т. Очерк казахской ономастики. – Алма-Ата: Наука, 1982. – 175 с.; Қойшыбаев Е. Қазақстанның жер-су аттары сөздігі. – Алматы: Мектеп, 1986. – 256 б.; Рысбергенова К. Историко-лингвистическое исследование топонимов Южного Казахстана. – Алматы: Ғылым, 2000. – 152 с.

[3] Гельдиханов М. Местные географические термины Туркменистана. – АКД, Баку: 1973.

[4] Умурзаков С.У. 1) Киргизская оронимическая терминология и оронимия Тянь-Шаня. // Ономастика Средней Азии. 2. – Фрунзе: Илим, 1980. – С. 128-135; 2) Оронимия Киргизии. // Структурная геоморфология горных стран. – Фрунзе: 1973; Конкобаев К. Топонимия Южной Киргизии. – Фрунзе: Илим, 1980. – 172 с.; Исаев Д. Жер-су аттарынын сыры. – Фрунзе: 1977.

[5] Ҳасанов Ҳ. 1) География терминлари луғати. – Тошкент: Фан, 1964. – 112 б.; 2) Русча-ўзбекча ва ўзбекча-русча географик терминларнинг луғати. – Тошкент: Фан, 1964. – 112 б.; 3) Географик номлар сири.– Тошкент: Ўзбекистон, 1985.–120 б.

[6] Қораев С., Ғуломов П., Рахимбеков Р. Географик терминлар ва тушунчалар изоҳли луғати. – Тошкент: Ўқитувчи, 1979. – 156 б.; Ғуломов П.Н. Географиядан қисқача русча-ўзбекча атамалар ва тушунчалар луғати. – Тошкент: Университет, 1993. – 144 б.

бийлигиниң берилиўине байланыслы бурын қабыл етилген географиялық терминлер қайта көрип шығылып, олардың айырымларына аўдармалар ислеўге ҳәрекет ислеген, бир қатар жергиликли географиялық терминлерге түсиник берилген. Сондай-ақ, өзбек тилиндеги жергиликли географиялық терминлерди топлаў, оларды белгили бир тәртипке салыў, классификациялаў Қ.Ҳуррамовтың[1], Хорезм топонимлери, топоформантлар ҳәм топоним жасаўшы географиялық терминлер З.Дўсимов[2] ҳәм Ў.Ражабовлардың,[3] тәбийғый географиялық терминлердиң пайда болыўында жергиликли географиялық терминлердиң орны М.Миракмаловтың[4] мийнетлеринде изертленди. Географиялық терминлерди топлаў, үйрениў, систематластырыў, олардың мәниси ҳәм тиллик қатламларын анықлаў, географиялық терминлердиң топонимлер менен байланысы сыяқлы теориялық мәселелерге арналған илимий мақалалар топламлары, конференция материаллары баспадан шықты.[5]

Түркий тиллердеги географиялық терминлердиң үйренилиўинде белгили географ алым Э.М.Мурзаевтың үлеси көп. Оның дәслеп 1959-жылы сөзлик түринде мийнети[6] баспадан шықты. Ол көплеген тиллердиң (соның ишинде түркий тиллердиң) географиялық терминлерин өз ишине қамтыған. Автор бул мийнетинде географиялық терминлерди тек топлап, мәнисин түсиндирип коймастан, олардың пайда болыў ҳәм раўажланыў жолларын да көрсетип берген. Сондай-ақ автор тәрепинен 1984-жылы баспадан шыққан 4 мыңға жақын терминлерди өз ишине қамтыйтуғын сөзлик[7] дүнья

---

[1] Хуррамов К. Узбекские народные географические термины, обозначающие рельеф южного Узбекистана: Дисс. … канд. филол. наук. – Ташкент: 1981.

[2] Дусумов З. Историко-лингвистический анализ топонимии Хорезма.: Автореф. дис. … докт. филол. наук. – Ташкент: 1989.

[3] Ражабов Ў. Топонимик индикаторларнинг функционал-семантик хусусиятлари.: 22 б.

[4] Миракмалов М. Табиий географик терминларнинг шаклланишида халқ атамаларининг ўрни: 148 б.

[5] Местные географические термины в топонимии. // Тезисы докладов и сообщений. – М.: 1966; Топонимика Востока. // Исследования и материалы. – М.: Наука, 1969; Местные географические термины. – М.: Мысль, 1970; Топонимика в региональных географических исследованиях. // Всесоюзная конференция. Тезисы докладов. – М.: 1984; Ономастика Средней Азии. – М.: Наука, 1978; Ономастика Средней Азии. 2. – Фрунзе: Илим, 1980.

[6] Мурзаев Э.М., Мурзаева В. Словарь местных географических терминов. – М.: 1959.

[7] Мурзаев Э.М. Словарь народных географических терминов. – М.: Мысль. 1984. – 653 с.

топонимистлери ҳәм тилшилериниң дыққатын өзине тартты. Бул сөзликте түркий тиллердеги географиялық терминлердиң этимологиясы, таралыў өриси ҳәм олардың топонимлерди жасаўдағы хызмети ҳәм басқа да көплеген мағлыўматлар берилген.

Қарақалпақ тилиндеги географиялық терминлер ҳәзирге шекем арнаўлы изертлеў объекти ретинде қарастырылмағаны менен, айырым изертлеўлерде, илимий мақалаларда, сөзликлерде мағлыўматлар ушырасады. Мәселен, Қарақалпақстан топонимлери, олардың этимологиясы, жасалыў усыллары, грамматикалық қурылысы, географиялық терминлердиң топоним жасаўы ҳәм т.б. мәселелерди изертлеўге арналған Қ.Абдимуратовтың "Қарақалпақ тилиниң топонимлеринен очерклер" атлы кандидатлық диссертациясы ҳәм "Неге усылай аталған?"[1] деген мийнети бул тараўдағы дәслепки жумыс есапланады. Автор бул изертлеўлеринде Қарақалпақстан топонимлерине этимологиялық ҳәм грамматикалық жақтан таллаў жасап, бир қанша географиялық терминлердиң топонимлерди, гидронимлерди жасаўда өнимли қолланатуғыны сөз еткен, айырым терминлерге (мәселен, *дәрья, өзек, сай, көл, жап, төбе, таў, қала, аўыл* ҳәм т.б.) анықламалар берген. Е.Өмирбаевтың сөзлигинде[2] болса, тийкарынан, тәбийғый географиялық, экономикалық терминлердиң русша-қарақалпақша аўдармасы, соның менен бирге, улыўма географиялық терминлер де (*атмосфера, материк, океан* ҳәм т.б.) келтирилген.

Жоқарыда аталған мийнетлерден басқа айырым изертлеўшилердиң арнаўлы мақалаларында[3] географиялық терминлер жөнинде қысқаша сөз

---

[1] Абдимуратов Қ. 1) Қарақалпақ тилиниң топонимлеринен очерклер.: - 1966; 2) Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы, 1965.

[2] Умурбаев Е. Географиялық терминлер менен атамалардың орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: Билим, 1993. – 244 б.

[3] Бегжанов Т., Абдимуратов К. Структура каракалпакских топонимов. // Советская тюркология. – Баку, 1971. – №6. – С. 85-88; Сейтниязов К. 1) Образование географических названий в Каракалпакии. // Вестник ККО АН РУз. – Нукус, 1997. – №5. – С. 130-133; 2) Распространение типов географических названий в Каракалпакстане. // Вестник ККО АН РУз. – Нукус, 2001. – №3. – С. 109-110.

етилген. Оларда қарақалпақ тилиндеги географиялық терминлердиң мәниси, олардың жергиликли топонимлердиң қурамында ушырасыўы сыяқлы мәселелер ҳаққында сөз етилип, ал олардың этимологиялық, лексика-семантикалық, морфологиялық ҳәм топоним жасаў хызметлери усы күнге шекем арнаўлы түрде изертлеў объекти болған жоқ.

Солай екен, бул теманы изертлеп үйрениў теориялық ҳәм әмелий жақтан үлкен әҳмийетке ийе. Өйткени, тилимиздеги географиялық терминлерди лингвистикалық жақтан таллап, олардың этимологиясын, грамматикалық қурылысын, жасалыў усылларын анықлаў, жергиликли топонимлерди жасаўдағы хызметин үйрениў биринши гезекте, тилимиздиң тарийхын изертлеў, сөз мәнилери ҳәм олардың лексикалық қатламларын үйрениў, жергиликли географиялық терминлердиң мәнисин түсиниў, топонимлерди семантикалық, структуралық жақтан таллаў, географиялық терминлер ҳәм топонимлер сөзлигин дүзиў, қарақалпақ тили терминологиясының теориялық ҳәм әмелий мәселелерин шешиў, оқыў-методикалық қолланбалар, сабақлықлар дүзиўде жәрдемин тийгизеди. Соның менен бирге изертлеў материаллары ҳәм жуўмақлары тил билиминиң айырым тараўлары, атап айтқанда, әдебий тилдиң тарийхы, лексикология, диалектология, терминология ҳәм топонимиканы оқытыўда, оларды теориялық пикирлер менен толықтырыўда, әмелий жақтан мысаллар менен дәлийллеп көрсетиўде ең тийкарғы ҳәм әҳмийетли дереклерден бири бола алады. Бул айтылғанлар тилимиздеги географиялық терминлерди изертлеўдиң актуаль екенин көрсетеди.

Жумыстың тийкарғы мақсети ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиндеги, сондай-ақ, оның диалект ҳәм сөйлесимлеринде ҳәм Қарақалпақстан топонимлери қурамында қолланылатуғын географиялық терминлерди топлаў, оларды тарийхый-этимологиялық шығысына қарай топарларға бөлип үйрениў, қарақалпақ тилиндеги географиялық терминлердиң улыўма түркий тиллердиң географиялық терминологиясындағы орнын белгилеў,

оларды түркий тиллердеги вариантлары менен салыстырыў, семантикалық өзгешеликлерин анықлаў, тематикалық топарларға ажыратыў, грамматикалық қурылысын белгилеў, географиялық терминлердиң топонимлер жасаўдағы орнын ҳәм хызметин анықлаў, географиялық терминлер менен топонимлер арасындағы байланыс ҳәм айырмашылықларды көрсетиў болып табылады.

Қарақалпақ тилиндеги географиялық терминлерди лингвистикалық жақтан үйрениў ушын қарақалпақ әдебий тилинде ҳәм Қарақалпақстан топонимлери қурамында қолланылатуғын терминлер тийкарғы дерек етип алынды, ал олардың топонимлер жасаў хызмети Республиканың арқа (Мойнақ, Қоңырат, Қанлыкөл, Шоманай, Хожели, Нөкис районы, Кегейли, Қараөзек, Шымбай, Тахтакөпир) районларының топонимлери мысалында анықланды.

# Жуўмақ

Қарақалпақ тили де басқа түркий тиллер сыяқлы географиялық терминлер системасына бай. Географиялық терминлер түпкиликли сөзлик қурамды қурайтуғын лексикалық бирликлер болып, халықтың көп әсирлик тарийхы, халықтың жайласқан орны, тәбийғый орталығы менен байланыслы пайда болған.

Солай етип, тилимиздеги географиялық терминлерди топлап, олардың тарийхый-лексикалық қатламларын, тематикалық топарлары менен семантикалық өзгешеликлерин ҳәм топонимлер жасаў хызметлерин арнаўлы түрде тиллик көзқарастан таллай отырып, төмендегидей жуўмақларға келдик.

1. Қарақалпақ тилиндеги георафиялық терминлерди топлаў, олардың өзине тән өзгешеликлерин үйрениў, этимологиясын, тарийхый шығысын, топоним жасаўдағы хызметин анықлаў бойынша ҳәзирге дейин монография жазылмады. Сонлықтан да, бизиң бул изертлеўимизде қарақалпақ тилиндеги географиялық терминлер биринши рет арнаўлы түрде илимий көзқарастан изертленди ҳәм бул арқалы тилимиздеги географиялық терминлердиң таралыў шегаралары, жергиликли топонимлердиң көпшилигиниң географиялық терминлердиң қатнасында жасалатуғыны, айырым мәниси умытыла баслаған гейпара терминлердиң мәниси белгили болды.

2. Географиялық терминлер қурамы жағынан көп тиллик қатламға ийе. Тилимиздиң сөзлик қурамының негизин түркий тиллерге ортақ сөзлер қурайды. Географиялық терминлердиң де тийкарғы бөлеги усы қатламға тән болған. Оларды ҳәзирги түркий тиллес халықлар тилиндеги вариантлары менен салыстырып үйрениў арқалы тиллер арасындағы байланыс, тиллердиң тарийхый раўажланыў басқышлары, соның менен бирге, географиялық терминлердиң қолланылыў өриси ҳәм семантикалық өзгешеликлери белгили болды. Жыйналған материаллар соны

тастыйықлайды, олардың ишинде туўысқан ҳәм басқа да қоңсылас тиллерде ушыраспайтуғын айырым жергиликли аймаққа тән болған географиялық терминлер де бар. Әлбетте, олар тилдиң миллий өзгешеликлерин белгилеўде және аймақтың топонимлерин үйрениўде өз жәрдемин тийгизеди. Сондай-ақ, илимий географиялық терминологияны толықтырыўда ҳәм географиялық сөзликлер дүзиўде тийкарғы материал болады.

3. Географиялық терминлердиң айырымлары узақ тарийхый дәўирлер даўамында ҳәр түрли фонетикалық ҳәм семантикалық өзгерислерге ушыраған. Түркий тиллер ушын ортақ есапланатуғын айырым терминлердиң өзи ҳәр бир тилдиң өзгешелигине қарай ҳәр түрли фонетикалық ҳәм семантикалық жақтан өзгериске ушыраған. Олар жумысымыздың тийисли бөлимлеринде сөз етилди. Демек, бул жағдай туўысқан тиллердиң узақ ўақытлар даўамында бир-биринен узақласыўы ямаса тилдиң раўажланыў басқышлары менен байланыслы.

4. Тилимиздеги географиялық терминлерди морфологиялық таллаў арқалы олардың грамматикалық қурылысы анықланды. Қурылысына қарай қоспа терминлерге қарағанда, дара терминлер саны жағынан әдеўир көп. Мысаллардан белгили болғанындай, аффикслердиң терминологиядағы хызмети ҳәм қолланылыў өриси бирдей емес. Айырым аффикслер географиялық терминлерди жасаўда өнимли қатнасатуғын болса, басқалары өнимсиз. Сөз қосылыў усылы арқалы жасалған географиялық терминлер көп емес. Түркий тиллеринде, соның ишинде қарақалпақ тилиндеги географиялық терминлердиң және бир өзгешелиги, айырым географиялық объектлердиң екинши бир нәрсеге уқсаслық белгилерине қарай аталыўы, мәселен, адамның дене ағзаларының атамалары менен айырым географиялық объектлер де аталады. Олар лексика-семантикалық усыл арқалы жасалған.

5. Топонимлерди изертлеў, олардың пайда болыў тарийхын үйрениў бизге көп нәрселерди анықлаўда өз жәрдемин береди. Бул арқалы тилдиң

раўажланыў басқышларын, жәмийетлик тарийхый ўақыяларды, аймақлардың ҳәкимиятлық шегараларын ҳәм т.б. анықлаў мүмкин болады. Қарақалпақстан топонимиясы ҳаққында сөз болғанда, еле де изертлеўлерди күтип турған мәселелер бар деп ойлаймыз. Әсиресе, аймағымыздағы топонимлерди топлаў, оларды лингвистикалық жобада үйрениў, топонимлер сөзлигин ислеп шығыў ҳәм т.б. усы сыяқлы мәселелер тилши илимпазлар алдында турған ең әҳмийетли жумыслардан бири болып есапланады.

6. Республикамыздағы топонимлердиң көпшилигин қоспа топонимлер қурайды. Оларды морфологиялық жақтан таллап үйренгенде, бир сыңары географиялық терминлерден жасалған. Олар дәслеп дизбеклесип қолланылады, соң топоним қурамына биротала сиңисип кетеди. Ҳәттеки, дара топонимлер формасына келип қалады. Бул терминлердиң (тийкарынан, топонимлер қурамындағы) тийкарғы лексикалық мәнисин жоғалтыўынан ямаса фонетикалық нызамлар негизинде ҳәр түрли сеслик өзгерислердиң болыўы менен байланыслы. Олардың мәниси лингвистикалық таллаўлар арқалы анықланады.

7. Географиялық терминлерди үйрениўде топонимлердиң орны айрықша. Көплеген аймақтағы топонимлердиң қурамында олар ушырасады. Ҳәттеки, қолланылыўдан шығып қалған айырым географиялық терминлер жергиликли топонимлердиң қурамында сақланып қалған болыўы мүмкин. Солай екен, қәлеген тилдеги географиялық терминлердиң бир неше қырларын ашыў ушын оны топонимика менен байланыслы үйрениў керек. Өз гезегинде топонимика ушын да олардың орны айрықша екенин есте сақлаў керек.

8. Географиялық терминлердиң топоним жасаў хызмети де ҳәр қыйлы. Айырымлары кең қолланылса, басқалары жүдә сийрек. Қарақалпақстан Республикасының (қубла районларды есапқа алмағанда) географиялық шәраяты басқа республикаларға салыстырғанда көпшилик бөлеги тегисликлерден ибарат, ал аймақта таў ямаса таў дизбеклери аз, сонлықтан,

оронимикалық терминлердиң қатнасында жасалған топонимлер де көп емес. Суў объектлерине байланыслы қолланылатуғын гидронимикалық терминлер салмақлы орын тутады. Ҳəттеки, көплеген аўыл, елатлы орынлардың атамаларының қурамында оларды ушыратыў мүмкин.

Солай етип, тилимиздеги географиялық терминлер басқа топардағы лексикалық бирликлерден төмендегидей өзгешеликлери менен ажыралып турады:

- географиялық терминлер тəбияттағы географиялық объект ҳаққында түсиник береди;

- көпшилик жағдайларда географиялық терминлер топонимлер менен дизбеклесип, географиялық атаманың қурамында объекттиң түри ҳаққында мағлыўмат береди..

- базы бир географиялық терминлердиң өзи топоним хызметин атқарады.

Пикиримиздиң жуўмағында, бул изертлеўлердиң нəтийжелери ҳəм жуўмақлары алдағы ўақытларда қарақалпақ тил билиминиң бир қатар тараўлары, атап айтқанда, лексикология, диалектология, терминология, лексикография ҳəм топонимика ушын, соның менен бирге, бул илимий жумысымыздың тийкарында келешекте географиялық терминлер сөзлигин дүзиўде тийкарғы материал бола алады.